



Pou Piblikasyon Imedya: 23/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO K AP MANDE LEJISLATI A POU FEMEN FAY DISKRIMINASYON DOUB LA

Gouvènè Cuomo: “New York dwe gen kapasite pou li kanpe kont abi pouvwa. M ap mande Lejislati Eta a pou amande lwa Eta aktyèl pou fèmèn fay diskriminasyon doub la ak asire ke moun sa yo k ap fè mal pa ka sove nan men lajistis — M ap siyen lwa sa a menm jou a”.

“Kondanasyon Paul Manafort ak lefèt ke Michael Cohen plede koupab voye yon mesaj klè ke pèsonn pa pi wo pase lalwa, menm Prezidan an ansanm ak akolit li yo. Men Prezidan Trump te montre ke li gen volonte si se pa menm fè abi otorize egzekitif li a, tankou pouvwa padon, pou pwoteje tèt li.

Yon fay nan lwa eta a fè li aktyèlman enposib pou New York pini moun k ap fè mal ki te resevwa yon padon prezidansyèl pou krim federal, kèlkeswa jan sa sispèk ak dout politik ki genyen sou padon prezidansyèl la. Fay sa a dwe fèmèn pou asire ke aksyon sa yo ke politik motive, ak aksyon pèsonèl pa jwenn apwobasyon lalwa.

New York dwe gen kapasite pou li kanpe kont abi pouvwa. M ap mande Lejislati Eta a pou amande lwa Eta aktyèl pou fèmèn fay diskriminasyon doub la ak asire ke moun sa yo k ap fè mal pa ka sove nan men lajistis — M ap siyen lwa sa a menm jou a”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)